Өзбекстан Республикасы халық билимлендириў министирлиги

Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Мектепке шекемги ҳәм баслаўыш тәлим методикас кафедрасы

# МИЙНЕТТИ ОҚЫТЫЎ УСЫЛЫ БОЙЫНША ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ

ЛЕКТОР: К. .АТАМУРАТОВ

НОКИС-2005 ж

МИЙНЕТТИ ОҚЫТЫЎ УСЫЛЫ БОЙЫНША ЛЕКЦИЯЛАРДЫҢ МАЗМУНЫ.

1. Мийнетти оқытыў усылы (баслаўыш тәлим қәнийгелиги ушын 2 саат)
2. Мийнет оқыўы сабағының мазмуны. Мийнет өтиўи программасын анализлеў. W саат
3. Мийнет оқыўы мазмунын анықлаўдың принциплери. W саат
4. Мийнетти оқытыўдың системалары. W саат
5. Мийнетти оқытыў методлары. W саат
6. Мийнет оқыўы сабағының дүзилиси.
U. Мийнет сабағында инструктаж жумыслары.
I. Политехникалық билим ҳәм уқыплықлардың мазмуны.
9. Мийнет сабағында класстан тыс жумыслар.
Q0. Мийнет сабағын шөлкемлестириўдиң формалары.
Q1. Мийнет сабағын өтиўде методикалық көрсетпелер.
Q2. Баслаўыш класслардағы мийнет сабағында оқыў қуралларын ислеўди үйретиў.

## 1- ЛЕКЦИЯ.
## МИЙНЕТТИ ОҚЫТЫЎ УСЫЛЫ.
(Баслаўыш тәлим методикасы қәнийгелиги ушын).

### Кирисиў. Мийнет ҳәм кәсип тәлимин оқытыў методикасы пәниниң предмети ҳәм ўазыйпалары.

Мектеп оқыўшыларына берилетуғын теориялық ҳәм әмелий тәлим тәрбияның бирлиги тәмийин етилсе, олардың халық хожалығы талапларына сәйкес мийнет ҳәм кәсипке таярлығы нәтийжели болады. бул ўазыйпа Республика халық тәлим системасында оқыўшыларды санаат, аўыл-хожалығы ислеп шығарыўдың, қурылыс, транспорт, хызмет көрсетиўдиң тийкарлары менен таныстырыўда, оларды мийнетке деген муҳаббат ҳәм мийнеткешлерге ҳүрметти беккемлеў, саналы түрде кәсип таңлаў ҳәм дәслепки кәсипкерлик таярлығына қаратылыўы керек. Буның ушын мектепке, мектеплер аралық оқыў ислеп шығарыў комбинатында, кәсип-техника билим журтында ҳәм мектептен тысқары орынларда қәнийгеликлерди ийелеў ушын барлық шараятлар жаратылыўы зәрүр.

Ҳәзирги ўақытта оқыўшылардың мийнет тәрбиясын, оларды кәсип таңлаўға бағдарлаў жас әўладты пайдалы өнимли мийнетке, техник аға ҳәм аўыл хожалық жумысларына бағдарлаў мәселелерине итибар бериў керек. Егер мийнет оқытыўшылары ислеп шығарыў тәлими усталары, тәрбияшылар ҳәм кәсиплеслер өз тәжирийбелери мақсетин анық ийелесе, тәлим тәрби жумысының сыпатын асырыў ҳаққында ғамхорлық етсе, мектеп оқыўшыларына мийнет тәлимимн бериў, оларды тәрбиялаў ҳәм кәсип таңлаўға бағдарлаў тараўында керекли ўазыйпаларды шешиўи мүмкин. Бул тараўда оқытыўшыға мийнет тәлими методикасы ҳәм минет тәрбиясы жәрдем береди.

Мийнет оқыўы методикасы пәниниң бир тармағы сыпатында өз объектлерин, ўазыйпалары ҳәм өзине тән болған методикасына ийе. Оқыў материалының мазмуны, оқыў методлары оқыўшылардың билим дәрежеси, оқыў нәтийжелери ҳтб үйрениў объекти болып есапланады. Усы процесстиң ҳәмме тәрепин үйрениў оқыўшылардың жас өзгешеликлери есапқа алынған жағдайда ғана иске асырылыўы керек.

Лекция материаллары мийнет тәлими бойынша педагогика ҳәм психология пәнлери менен тығыз байланысқан. Бунда техника ҳәм ислеп шығарыў технллогиясының раўажланыў технологиясы улыўма мектептиң тәлим тәрбия жумыслары, арнаўлы мийнет тәлимим

тараўындағы алдыңғы тәжирийбе есапқа алынады. Сондай-ақ биринши нәўбетте мийнеттиң физика, математика, химия, биология, сызыў пәнлери менен байланысын ашып береди. Лекция материалы плакатлар, схемалар, таблицалар, диопозитивлер, оқыў кино фильмлери формасындағы көргизбели қолланбалар менен студентлердиң еркин жумысы менен оқыў-методик әдебиятлар менен қосып алып барылыўы керек.

Әмелий жумысларда болажақ оқытыўшы устаға төмендеги ўазыйпаларды орынлаў имканияты жаратылып бериледиҮ

1. мийнет тәлиминиң тийисли оқыў бағдарлама материалларының мазмуныны терең үйрениў, бул материаллар менен шынығыўлар ислеў, оларда улыўма мийнет, улыўма техник, улыўма технологик билимлер, көнликпелер менен өз-ара байланысларын ислеў тараўында шынығыўлар ислеў.
2. Режелестириўши төмендеги ҳүжжетлерди ислеп шығарыўда календарь тематик режени, оқыў ислеп шығарыў (жумыс) дизимин ҳәм ярым жыллық ушын режени сондай-ақ мийнетти бағдарлама бойынша анық темалардан бериўине мөлшерленген режени ислеп шығарыўды шынығыўлар ислеў.
3. Оқыўшылардың жумыс орынлары бойынша графиклер дүзиў, бағдарламаны әсбап-үскенелер (ағашқа механик ислеў бериў ҳәм станокларда металлға ислеў бериў, жоныў, егеў ҳтб) жетиспейтуғын темалар бойынша графиклер дүзиўди үйрениў.
4. Исленетуғын материалларға класслардың оқыўшылары ушын ҳәм сондай-ақ жоқары класс оқыўшылары ушын толық мағлыўматқа ийе болмаған инструкцион-технологик карталар ислеўде шынығыўлар ислеў.
5. Әмелий-лаборатория жумысларына бағдарланған сабақлардан биреўиниң мазмунын ислеп шығыў (ағаш яки металлдың физик-механик қәсийетлерин үйрениў).

Мийнетти оқытыў методикасы өз алдына төмендегидей тийкарғы ўазыйпаларды қояды.

1. Мийнетти оқыўы ўазыйпаларын таңлаў, олардың оқыў тәрбиялық әҳмийетин ашып бериў. Мийнетти оқыўы ўазыйпаларын белгилеўде ҳәр қыйлы мәмлекетлик қарарлар тийкар болып хызмет атқарады. Мийнет оқыўы ең дәслеп оқыўшылардың ҳәр тәреплеме раўажланыўын мийнеттиң турмыс пенен байланысын беккемлеўге, оқыўшыларда материалистлик көз қарастың қәлиплесиўине олардың аўыл-хожалығында хызмет етиўге ҳәм тийкарларынан кәсип таңлаўға жәрдем береди.

Мийнет оқыўы ўазыйпалары илим ҳәм техниканың раўажланыўы тенденцияларына ҳәзирги заман өдирисиниң жасларды мийнетке таярлаў барысындағы талапларына байланыслы белгиленеди. Т-6 класслардағы мийнет оқыўының ўазыйпаларын белгилеўде техникалық мийнет оқыўы қандай орын алғанына нәзерде тутылады. Сонлықтан да техникалық мийнет оқыўы методикасы устаханаларда өткизилетуғын шынығыўлар менен басқа оқыў предметлерин оқытыўдың өз-ара дидактикалық байланысларын ашып береди. Мийнет процессинде оқыў материалының мазмуны менен белгиленетуғын өзине ылайық ўазыйпалар, металл кесетуғын, ағашты ислеўши түрли үскенелерден пайдаланыў усыллары ҳәм де булар менен ислеўде қәўипсизлик қағыйдалырн үйретиў ўазыйпаларында иске асырады. Мийнет оқыўы оқыўшыларда мийнетти сүйиўге көз-қарасын қәлиплестириў устаханаларда өткизилетуғын шынығыўларда оқыўшыларда техникалық ой-өрисиниң раўажланыўына ҳәр қыйлы техник объектлер арасындағ ыбайланысларды анықлаў туўрасындағы көнликпелерди раўажланлырыў ушын қолайлы жағдайлар туўдырыўы мүмкин.

2. Оқыў материалы мазмунын таңлаў.

Бурын қарастырылған педагогика курсынан белгили оқыў предметиниң мазмунын таңлап алыў ушын, биринshiден, тийисли пән ямаса техника тараўындағы мағлыўматлардан оқыў материалын таңлап алыў. Екиншиден, бул материалды оқыўшылардың жас айырмашылықларына, олардың алған билимлериниң дәрежесине ҳәм басқа да тийисли факторларды есапқа алған ҳалда систематизацияластырыў зәрүр. Соның менен бирге үлкен көлемдеги билим ҳәм көнликпелерден улыўма оқыў талапларына ең жоқарғы дәрежеде жуўап беретуғын ҳәм оқыўшыларды үйренилетуғын ислеп шығарыў өндирисиниң теориялық тийкарлары оның практикада қолланылыў туўрасында дурыс пикир жүрите алатуғынларын ажыратып алыўға туўра келеди. Соныда есапқа алыў керек, оқыў программасының мазмуны өзгериссиз қалмайды. Мысалы, машина үйрениў тараўында деталь әпиўайы үйрениў объекти, ал машина болса деталға қарағанда қоспалы болып көринеди. ҳәзирги тәжирийбелердиң көрсетиўинше егер оқыўшыларда машина (металл кесиўши станок) пенен таныстырыў деталларды үрениўден баслап, оқыўшыға оқыў материалын қыйыншылық пенен өзлестириў қызығыўшылығының төменлеўин көрсетеди.

Егер бул машинаның неге ылайықласқанлығы ҳм улыўма дүзилисин түсиндириўден басласа, оқыўшыларда оның конструкциясы менен тереңирек танысыў ҳәм оның айырым деталларын үйрениў

тилеги пайда болады. усының нәтийжесинде оқыў процесси оқыўшылардың актив қатнасыўында өтеди.

Солай етип, оқыў материалын системаға салыўда пәнниң дүзилиў системасын туўрыдан-туўры көширип алмастан, оның оқыў-тәрбия ўазыйпаларын нәзерде тутыў керек.

3.Оқыў процессин шөлкемлестириў.

Оқыў процесси өз-ара тығыз байланысқан (оқытыўшы хызмети ) ҳәм билим алыўдан (оқыўшылар хызмети) нен ибарат болады. оқыў процессин шөлкемлестириўдиң принцип ҳәм усыллар ислеп шығарыўда мийнет оқыўы методикасы басқа оқытыў предметлерин оқытыў методикасы, сондай-ақ дидактик ьалаплардан пайдаланады. Соның менен бирге мәселелерди мийнетти оқытыў методикасының өзи тыянақлы түрде шешиўде туўра келеди. Бул туўрасында бир қанша мысалларды қарастырайық.

Оқыўшылар мийнеттиң жуўмақларын баҳалаўда басқа предметлер ушын қолланылмағанҮ мийнет қәўипсизлиги қәделерине итибар бериў, жумыс орнын шөлкемлестириў, мийнет усылларын дурыс пайдаланыў уқсаған факторларды есапқа алыўға туўра келеди. Методикалық ўазыйпаларынан бири оқыўшыларды мийнеттиң объектив баҳалаў ммкиншилигин беретуғын кретерийлер ислеп шығарыўдан ибарат. Мектеп практикасында оқыўшылар жумысын шөлкемлестириўдиң тийкарғы үш- фронталь, бигада, индивидуал формалары қолланылады. Методиканы ислеп шығарыўда заттың ямаса буйымның қоспалылығы оқыўшылардың таярлығы, билим ҳәм тәрбия ўазыйпаларынан келип шығып шыңығыўларды шөлкемлестириўдиң қайсы формаларынан пайдаланыў мақсетке муўаплылығын анықлаўдан ибарат.

Оқыўшылардың ислеген ислери жәмийетлик пайдалы ҳәрекетлерге ийе болмаса, онда оны орынлаўға қызығыўшылары төменлейди. Егер оқыўшылар бирден-бир буйымды, таярлаўға кириссе, онда сол затқа тийисли өлшемлерди өзлери билиўге айырым ис усылларына итибар бермей қалады, нәтийжеде исти қәте орынлайды. Сол себепли методиканы ислеп шығыўда қашан ҳәм қанша көлемдеги таярлық шынығыўларын орынлаў кереклигин анықлаў керек.

4.Мектептен ҳәм класстан тыс жумыслары мазмунын ҳәм методикасын таярлаў.

Мийнет ҳәм техника бойынша мектептен ҳәм класстан тыс жумыслары кең тарқалған. дерлик барлық мектепте ағаш ҳәм металды ислеў ҳәм де жас техниклер дөгереклери шөлкемлестириледи. Алынған тәжирийбелерди улыўмаластырыў ҳәм дөгереклерди, шынығыўларды

шөлкемлестириўдиң ең қолай нәтийжели усыллары ажыратыў алдыңғы тәжирийбени пропагандалаў, оны барлық мийнет оқытыўшыларының мүлкине айландырыў методикалық ўазыйпаларының биринен есапланады. Жоқарыда көрсетилгенбарлық ўазыйпаларын иске асырыўда мийнетти оқыў бағдарлама улыўма тәлим мектеплериниң 1-9 классларында мийнет тәлими пәнин оқытыўдың мазмуны, мақсет, ўазыйпалары белгилейди ҳтб. Арнаўлы бағдарлама Өзбекстан республикасының тәлим туўрысындағы нызам ҳәм акадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасыА тийкарында ислеп шығылған. Бул бағдарлама тийкарында 1998-99 оқыў жылынан баслап Республиканың белгиленген мектеплеринде тәжирийбе сынаў жумыслары алып барылды.

Орта мектепте оқытылатуғын мийнет тәлими пәниниң мақсети-оқыўшыларды ақыллы ҳәм физикалық мийнет түрлерин ҳәм кәсиплер менен дәслепки таныстырыў, кәсип таңлаўға таярлаў, мийнетти қәдирлеў, мийнетке қызығыў арқалы оларды кәсипке таярлықларын әмелге асырыўдан ибарат.

Мектептеги барлық пәнлерди оқытыўдың тийкарғы мақсети оқыўшыларды кәсипке таярлаўдан ибарат. Ҳәр бир кәсип бирнеше оқыў пәни менен байланыслы болғаны себепли, кәсипти сол пәнлерди зәрүр дәрежеде билмей турып, кәсипти толық ийелеп болмайды.

Мийнет тәлими пәни мазмуны шәртли түрде үш улыўма мийнет тәлими таярлығы, кәсиплер бойынша таярлаў ҳәм кәсипке шекем арнаўлы таярлық бөлимлерине бөлинеди. Мийнет тәлими сабақлары 1-7 классларда улыўма ҳәм көркем мийнет курсы халық әмелий санаатларда айрым кәсиплер тийкарында таныстырыў нәзерде тутылады.

## МИЙНЕТ САБАҒЫН ОҚЫТЫЎДЫҢ ДИДАКТИКАЛЫҚ ПРИНЦИПЛЕРИ

Жоба%

1. Мийнет сабағын оқытыўдың дидактикалық принциплерине характеристика (илимийлик, тәлимниң тәрбиялаўшы характери)

Баслаўыш класслардағы мийнет сабағының программасының дүзилиўи, оқыўшылар тәрепинен политехникалық билим алыў, тиккелей практикалық жумысларды орынлаў оқыўшының мийнетине байланыслы. Практикалық жумысқа оқыў ўақтының кем дегенде 80d ти сарп етиледи.

Бунда оқыўшылар материллардың қәсийетлери, оны өндиристе пайдаланыў инструментлери қатнасы жасаў правиласы, мийнет

көнликпелерде жәмийетлик пайдалы затларды соғыў процессине қәлиплестиреди. Оқыўшылар сабақ процессинде ҳәр қыйлы көргизбели қураллар, қәўендерлигине алған балалар бақшасына ойыншықлар, мектеп тәжирийбе участкасына әпиўайы инвентарлар ислеўди үйренеди. Булардың барлығыда оқыўшыларды мийнет оқыўын билиўге ҳәмде мийнет оқыўын өндирис мийнетине жақынластырады.

Мийнет оқыўының мазмунын таңлаўда политехнизм принциплерин сақлаў, мийнеттиң тәрбиялық характерин, илимийлигин, теориялық практика менен байланыслылығын, системалылығын, избе-излигин, ылайықлылығын, сапалылығын, көргизбелиликти, беккемликти есапқа алыў керек.

Политехникалық принцип оқыўшыларды 1- класстан баслап конкрет оқыў материалында ҳәзирги өндирис бойынша түсиниги болыўы, оны өзиниң практикалық искерлигинде пайдалана билиў нәзерде тутады. Төменги классларда оқыўшылар мийнет азбукасын үйренеди. Сонлықтан да олар өзиниң мийнети арқалы жәмийетлик пайдалы затлар соғып атырғанын билиўи керек. Жасаған жәмийетлик пайдалы затлар оқыўшылардан жуўапкерликти, тәртиплиликти, ықтыятлылықты ҳәм басқада нравлық қәсийетлерди талап етеди.

Программалық тапсырмаларды орынлай отырып оқыўшылар коллективизм сезимин тәрбиялаў нәзерде тутылады. Төменги класслардың мийнет сабағында илимийлик принципин сақлаў үлкен әҳмийетке ийе. Бир қанша муғаллимлер ҳәм методистлер кишкене мектеп жасындағы балалар көп илмий дәрежеде информацияны қабыл етиўге уқыплы емес деп қәтелеседи. Мысалы моделлестириў ўақтында оқытыўшы оқыўшыларда машина ҳәм оның бөлеклери ҳаққында илмий түсиниклерди береди. Не себеп корабль батпайды, башенный кран неге қуламайды, самал двигатели айланады, не себеп самолет ҳаўада ушады х.т.б. Оқытыўдың мазмунын анықлаўда барлық ўақытта теорияның практика менен байланысын естен шығармаў керек. Бул байланыс еки тәреплеме характерге ийе.

Биринши тәрептен балалар математика тәбияттаныў сүўрет сабақларында алған билимлерин практикада пайдаланады.

Екинши тәрептен оқытыўшы балаларды теориялық билимлерин толықтырып барыўға мәжбүрлейди. Биринши жағдайда теориялық билимлер практикалық искерликке айланады. Екинши жағдайда практикалық искерлик теориялық билимлерди толықтырыўды талап етеди. Ҳәр бир класста программа исленетуғын буйымлардың дизими бериледи. оқытыўшының ўазыйпасы усы берилген дизимлерден сайлап алыў ўақтында системалық принципи ҳәм оқытыўдың избе-излик

принципи сақланыўын ядтан шығармаўы керек. Сабақты сондай етип дүзиў керек, келеси сабақ бурыңғы өтилген сабақ пенен беккемлеп баратуғындай етип планластырылыўы керек.

Ҳәр бир класста дәслеп қағаз бенен ислеў соң гезлеме менен ислеў кейин ҳәр қыйлы материаллар менен ислеў ҳәм сабақты комплекс жумыслар менен ҳәм техникалық моделлестириў менен тамамлаў кереклигин практика көрсетпекте. Мысалы қағаз бенен ислеў төмендеги избе-изликте иске асырылады. Бүклеў ҳәм кесиў, кесиў ҳәм клейлеў ҳәм қағаздан комплекс жумыслар.

Мийнет тапсырмасы өзиниң мазмуны, методы ҳәм көлеми бойынша оқыўшыларға ылайықлы ҳәм баланың физикалық күшиниң мүмкиншилигине сәйкес келиўи керек. Сондай-ақ балалардың жеке айырмашылықларын есапқа алыў керек. Узақ бир түрли жумыс төменги класс оқыўшыларының күшли шаршаўына алып келеди. Сонлықтан да класта исленип атырған жумыслар ҳәм ҳәр қыйлы қызықлы болыўы керек. Сабақты билим ҳәм уқыплылықларды сапалы актив өзлестирип алғандай етип дүзиў керек.

Мийнет сабағында алған оқыўшылардың билимлери ҳәм уқыплылықлары беккем тыянақлы болыўы оларды келешекте жоқары классларда пайдалана алатуғындай болыўы керек. Баслаўыш клсаалардың мийнет сабағында көргизбелиликтиң барлық түрлеринен пайдаланыў мийнет операцияларын демократзациялаў исленген буйымларды көрсетиў мақсет ҳәм моделлерди көрсетиў технологиялық картаны пайдаланыў диапозитивлер көрсетиў диафильмлер көрсетиў арқалы иске асады. Баслаўыш 1-4 класслардағы мийнет тәлими сабақлары мазмуны ҳәм усыллары оқыўшылар тәрепинен инсанлардың улыўма мийнет ҳәм кәсип искерлигине тийкарланып мийнет көнликпелер өзлестириўге қаратылған. әмелий жумысларда буның ушын билим, оқыў көнликпелер қәлиплестириледи. Оқыўшылар ҳәр мийнет ҳәрекетин саналы рәўиште ҳәм сол ҳәрекеттен көзлеген мақсетке муўапық формада орынлаўға үйретилип барылады. Бул басқыш оқыўшыда қәлиплестирилегн билимлер ҳәм мийнет көнликпелери сыпаты, оның келешектеги искерлигин ҳәм кәсип үлкен әҳмийетке ийе.

Баслаўыш классларда оқыўшылар өз-өзине хызмет көрсетиў көнликпелерин өзлестириўлери, айырым қол мийнети буйымларын жасаўда үйриниўлери ҳәм сабақ даўамында олардың пикирлерин өсириўге айырықша итибар бериў керек.

Соның менен бирге мектепте мийнет тәлими ҳәм тәрбиясы процессин пайда етиў ҳәм оны әмелге асырыў усылларын пайдаланыў

дидактика, педагогика, психология, физиология, методика ҳәм басқа пәнлердиң илимий жуўмақларынан кең пайдаланыў зәрүр. сабақтың мазмуны әмелият пенен байланыслы болыўы, оқыўшылар үйренип атырған билим ҳәм жумыс усылларыны, сондай-ақ мийнет тараўындағы әдеп-икрамлылықтың күнделик турыстағы орынына ҳәм әҳмийетин зәрүр дәрежеде түсиндирип барыўы лазым. Мийнет тәлиминде пәнлер аралық байланыс жүдә анық өз орнын табаы. ҳәр бир сабақ мазмунын толық бириктириў ушын тийисли пәнлерге байланыслы қағыйдаларды түсиндирип өтиўи лазым болады.

Оқыўшыларға заманагөй ислеп шығарыў процесслери ҳәм кәсип ҳаққында анық билим ҳәм ойлаў ушын педагогик-психология жақтан мақсетке муўапық избе-излик пенен раўажландырылады. Мийнет тәлиминде көргизбелилик айырықша әҳмийетке ийе. ҳәр бир сабақ зәрүр дәрежеде көргизбели усылда шөлкемлестирилиўи лазым. Бунда үйренип атырған теманы анық түсиндириў ушын бир қанша көргизбели қураллардан мақсетке муўапықлығы туўры таңлаў әҳмийетке ийе болады. ҳәр бир сабақ мазмуны менен байланыслы ҳалда тәлим, тәрбиялық ҳәм раўажландырыўшы мақсетлерин әмелге асырыў имканиятлардан толық пайдаланыў зәрүр. оқыўшылардың өзлестириўлерин бақлаў көп баллық рейтинг системасы тийкарында ямаса бес баллық баҳалаў усылында әмелге асырыў мүмкин.

Баҳалаў оқыўшылардың сол программада белгиленген өзлестириўлери лазым болған билим, көнликпелер билимлер муғдарына байланыслы толық ямаса кем дәрежеде өзлестиргенликлерин анықлаўдан ибарат. Сол ҳақыйқый өзлестириўдиң ҳәр бир дәрежели уышн мәлим баҳалаў критерийлери қолланылады.

Арнаўлы оқыў бағдарлама тийкарында алып барылған тәжирийбе сынаў жумыслары нәтийжелерин анықлаў ҳәм бақлаў ушын оқыўшылардың өзлестирген билим ҳәм көнликпелери төмендеги 7 критерий бойынша баҳаланады.

Q. қәлиплестирилген теориялық билимлер.

2. қәлиплестирилген билим ҳәм көнликпелер.

3. миллий өнерментшилик тараўлары бойынша қәлиплескен улыўма тәлим билимлери.

4. миллий өнерментшилик кәсиплериниң интегратив тийкарларын өзлестириў.

5. үшеўден кем болмаған миллий өнерментшилик кәсиплери тийкары бойынша кәлиплестирилген билим, уқып көнликпелери.

6. миллий өнерментшилик кәсиплери бойынша қәлиплескен шеберлик.

7. миллий өнерментшилик тараўында қәлиплескен искерлик.

Усы 7 критерияның ҳәр бири төртеўден бағдар бойынша яғный әсбаплардан пайдаланыўды ийелеў, қураллардан пайдаланыў, таярланған буйымлар яки исленген затлар сыпаты ҳәм ерисилген нәтийжелер экономикалық көрсеткишлерин анықлаў тийкарында баҳаланады. Бунда бес өлшеў бирлиги (100) сыпатында ҳәр бир таярланған буйым сол кәсип бойынша биринши разрядлы уста ушын белгиленген қәнийгелик студентлери критерияға тийкар қабыл қылынған болып, мәлим бунда биринши разрядлы усталар арнаўлы колледжлер ҳәм басқа оқыў орынларында таярланады.

Дәслепки технология элементлери (1-4 кл)

Басланғыш классларда улыўма технология тийкарлары сабақларында оқыўшылардың ой-өриси, дүньяға көз-қарасы қәлиплеседи. Бәрҳама өз үстинде мийнет ҳаққында жумысқа избе-из аңлы қатнасықта болыў ҳаққында түсиник раўажланады. Балалар түрли әсбаплар менен ислеў, билим ҳәм көнликпелерин ийелейди.

Баслаўыш класста мийнет тәлиминиң тийкарғы мақсети төмендегилерден ибарат.

1. мақсетке бағдарланған мийнетти пайда етиў.

W көргизбе дидактик материаллардан пайдаланып еркин ислеў көнликпесин қәлиплестириў.

3. өз жумысын түсиндире алыў ҳәм искерлик толтыра билиў.

R жумысты орынлаўда түрли өзгериў ҳәм көп пайдаланыў.

5. өз жумысында қарақалпақ ҳәм ҳтб миллетлердиң көркем өнерментшиликлери элементлерин

Улыўма технология тийкарлары курсының мақсети %

1. мийнет мәденияты ҳәм гигиенасы билимлерин қәлиплестириў.

2. мийнет сабағында әдеплилик, дослық, коллективлик үлес ҳтб руўҳыйлықта тәрбиялаў.

3. балаларда мийнет сүйиўшилик көркем сөзи, социаллық каби ҳәм ақыллы тәрбиялаў.

4. материалды үнемлеп жумсаў.

5. оқыўшыларды дүнья қарасын ҳәм эстетикалық сезими.

6. миллий садықлық жәмийет алдыңғы жеке жуўапкершилик сезимин қәлиплестириў.

7. кәсиплер менен әсиресе өз орнындағы кәсиплер менен таныстырыў.

i. оқытыўда избе-изликти әмелге асырыў.

9. мийнет тәлими дәслепки басқышында Өзбекстан халық әмелий-безеў санаатына ҳәм көркем өнерментшилигине сүйенеди ҳәм басқа миллетлердиң санаатлары ҳаққындағы мағлыўматлар менен байытылады.
Q0. Сабақта жумыстың нәтийжеси сыпатында ойын жағдайларынан пайдаланыў бағдарлама мийнет тәлиминиң төмендеги бөлимлери ажыратылады.

Бағдарламада көрсетилген жумыслар мектепке практикада сынап көрилген ҳәм улыўма тәлим мектеплериниң 1-4 классларында мийнет тәлими бойынша топлам ҳәм көргизбе дидактик материлларда өз орнын тапқан. мийнет тәлиминиң 70-80d ти балалардың еркин творчестволық жумысына ажыратылыўы керек. Мийнет тәлими процессинде балаларға әсбап ҳәм материаллар менен ислеўлерин түсиндириўлери лазым.

Сабақ даўамында балалар ҳәр түрли буйымлар көргизбе дидактик атериаллар, оқыў қураллары, дидактик ойынлар ушын затлар ислейди. Оқыўшылар туўры сызық бойлап қырқыўдан баслап әсте-ақырын көркем, нағыслы ҳәр қыйлы фигураларды қыйыў билимлерин ийелейди. Нағыс қырқыў көнликпеси гезлемелер менен ислеўде моделлестириўде түрли материаллар менен ислеўде беккемленип барылады.

Моделлестириў сабақларында оқыўшылар техник саўатлылық элементлери менен танысады, жаңа ойыншықлар макетлерин жаратып, дәлепки сызыў элементлери менен ислеўди үйренеди. Таяр жыйылма ҳәм бөлимлерден пайдалаынп, модел қурыўдан баслап өзлери қурып, жасап сызылмаға сүўретке схемаға қарап жумысты еркин безейтуғын ҳәм моделлестире алатуғын билимлерди ийелейди.

Мектепке айырықша мийнет тәлими оқытыўшысы болыўы ҳәм ол басланғыш класс оқытыўшысы менен биргеликте режелестириў, улыўмаластырыў лазым. Соны мектептеги оқыў тәрбия бағдарындағы басланғыш класстағы мийнет тәлимин пайда етиўдиң әҳмийети ол искерлик нәтийжелерине алып келеди.

## 2-лекция

## Мийнет оқыўы сабағының мазмуны

### Мийнет оқыўы программасын анализлеў.

Оқыў предметиниң тийкарғы мазмунын сол бойынша белгиленген программа анықлайды. Ҳәзирги ўақыттағы пайдаланып атырған баслаўыш класслардың программасында түсиник болып ол

түсиндирмеде техникалық ҳәм аўыл-хожалық мийнеттиң конкрет түрлеринен түсиниклер береди.

Программа техника өндирис областлары бойынша жас өспиримлердиң политехникалық кругозорын кеңейтиў, оларды политехникалық мийнет көнликпелерине қәлиплестириў, гармоникалық, физикалық, ақылый эстетикалық нравлық раўажланыўын нәзерде тутады. Әсиресе жас өспиримлерде конструкторлық уқып ҳәм көнликелерин практикалық сабақлар процессинде раўажландырыў нәзерде тутады.

Ҳәр бир класста оқыў ўақтының көпшилик бөлегин қағазларда ислеў, картон гезлеме аңсат ислеўге болатуғын ҳәр қыйлы материалларға жумсайды. Буның себеби тосаттан болған нәрсе емес, бул материаллар киши мектеп жасындағы балаларға қолайлырақ болады.

Қағаз, картон, гезлеме ҳәм бир қанша тәбийий материаллар жақсы технологиялық қәсийетке ийе. Оларды үлкен физикалық күш жумсамай-ақ, қоспалы инструментлерден пайдаланбай ақ балалар ҳәр қыйлы затларды ислеўи мүмкин.

Қағаз картон ҳәм басқада тәбийий материалларды ийиў арқалы бир қыйлы затлар соғыўға, ол материалларды пышақ қайшы жәрдеминде аңсат кесиўге болады. бул аты аталған материаллардан жасалған деталлар клейлер, сабақ, сым ҳәм басқада усыллар менен аңсат қурастырыўға болады. бул материаллардан пайдаланып практикалық жумыс ислеў балалардың ҳәр тәреплеме раўажланыўына үлкен тәсирин тийгизеди.

Оқыўшыларда бул материалларды ислеў бойынша жақсы шөлкемлестириў олардың физикалық раўажланыўын ҳәм нерв-мий аппаратының шынығыўына жәрдем етеди. Сондай-ақ, бул материаллар менен ислеў, оқыўшылардың ақылый уқыплылығын коллективизмге үйретиў тәртипли болып мийнетке қызығыўшылығын арттырады.

Нәтийжеде оқыўшылар политехникалық түсиниклер системасын өзлестиреди, технологиялық операцияларды үйренеди, ҳәмде алған теориялық билимлерин практикада пайдаланып, өзиниң ислеген затларын безей отырып, өзинде эстетикалық сезим пайда болады.

Мийнет сабағында экскурцияда оқыўшылар қағаз картон ислеп шығарыў, полиграфия, керамика ҳәм қурылыс өндирислери менен танысады. Танысыў нәтийжесинде сол өндиристеги ҳәзирги заман машиналары жөнинде түсиниклер алады.

Программада балаларды графикалық саўатлылық элементлери менен таныстырыў нәзерде тутылған. 1- класста оқыўшылар үлги ҳәм

техникалық сызылмалар бойынша сызғыш ҳәм угольник жәрдеминде белгилеў өлшеўлерди үйренеди.

2- класста оқыўшылар сызыў бойынша ислеўди баслайды ҳәм сызғыш угольник жәрдеминде өлшеў белгилеў бойынша билимлерин жетилистиреди. Е- класста сол үйренген нәрселерди өз бетинше онша қоспалы болмаған затлардың технологиясын ҳәм техникалық сүўретлерин ислеў сызылмалар ислеўде үйренеди.

Программада мийнеттиң ҳәр бир түри бойынша политехникалық билим көнликпелериниң көлеми анықланған ҳәм бақлаў тәжирейбе лабораториялық практикалық жумыслар сондай-ақ мийнет объекти де көрсетилген.

Бул муғаллим конкрет жағдайлардан шыға отырып, өзиниң класына бир қанша ылайықлы мийнет объектин таңлап алыўға мүмкиншилик береди.

## МИЙНЕТ САБАҒЫН ШӨЛКЕМЛЕСТИРИЎДИҢ ФОРМАСЫ

Оқыўды шөлкемлестириўдиң формасы сабақ болып есапланады. Сабақта мийнет муғаллиминиң лекциясы, әмелий жумыс ислетиў ушын таяр буйымы, оқыўшылардың өзлериниң ҳәр қыйлы докладлары, жеке ислеўи ушын өз темасы болады. ол ҳәр қыйлы метод усылларды қолланыў арқалы оқыўшыларға билим тийкарын үйретиў ушын муғаллим тәрепинен шөлкемлестирилген педагогикалық процесс.

Мектепте мийнетти оқытыў бойынша класста өтилетуғын сабақта шөлкемлестириўди талап ететуғын төмендегидей жумыслардың формалары бар. Мысалы оқыўшы өз үстинде ислеп ойлаў қәбилетин жетилистириў ушын жеке жумыс бериў, кружоклар шөлкемлестириў, классты группаларға бөлип жарыстырыў, экскурция шөлкемлестириў формалары бар.

Оқыўды шөлкемлестириўдиң формасын қурайтуғын сабақтың түрлери көп. Мысалы апарахатшылық сабағыА бунда баслаўыш класс оқыўшыларына парахатшылық ҳаққында айтып оның белгиси ақ кептер екенлигин ҳәм ақ кептерди сабақ ўақтында соғатуғынлығын. Таяр буйымды көрсетпе қурал ретинде көрсетип, буны соғыў жолларын үйретиў керек. Буннан басқа аашық сабақА, экскурция сабағы х.т.б. бул сабақларда жылында мийнет муғаллими тәрепинен жылына бир ямаса 2-3 мәрте өтилетуғын сабақлар. Ал класста программа бойынша өтилетуғын теориялық әмелий, мийнетке тәрбиялаў сабақлары бул ҳәмме сабақлардың тийкары бар. Себеби мийнет муғаллими

баслаўыш классларда ҳәр ҳәптеде өткерген сабағы жоқары дәрежеде, оқыўшының қызығыўшылығы, қәбилетин арттырады, онда класстан ҳәм мектептен тысқары оқыўды шөлкемлестириўдиң зәрүрлиги келип шығады. Баслаўыш классларда мийнет сабағын өтиў оқыўшыларды мийнетке деген түсиниги, қәбилетин ой-өрисин, физикалық шынығыўын қәлиплестиреди.

Сабақта жақсы нәтийжелерге ерисиў ушын педагогтың мудамы еки нәрсе жолдасы болыўы керек. Бириншиси% излениў, ойланыў, муҳыятлы сабағының программалық жолларын көрсетип турады. Бираз муғаллимлер ертеңги өтилетуғын сабағына материалының барлығына қуўанады. Соның ушын онда сабақты өте аламанғой деген исеними болып, келеси сабаққа арқайынырақ қарайды. Нәтийжеде оқыўшылар ушын ол күнги оқыў қолайсыз, қызықтырмайтуғын сабақ болып шығады. Сол себепли педагог өзинше түсиникли деп еаспланған темалардың үстинде муҳыят ислеўи керек. Себеби, баслаўыш класс оқыўшыларын азғана қәтелик жиберсек, оны аңлап алыў қыйынға түседи. Егер муғаллим ертеңги сабағының типин дурыс белгилеп ала алмаса, әлбетте оның сабағы нәтийжесиз сабақ болады.

Екинши тәрепи% муғаллим өзине мудамы жай эксперимент жасап барыўы керек. Оқыў системасында алып барылатуғын эксперимент еки түрли болады. 1. Илимий эксперимент -буны енгизиў ушын арнаўлы рухсат педагогикалық кабинетлер ҳәм кафедралары ғана ислей алады. Ал екинши жай эксперимент-буны ҳәр бир муғаллим өзине ислеў керек ҳәм шшәрт. Бунда муғаллим ҳәр күнги өткен сабағына өзинше анализ жасайды. Жетискенлик кемшиликлерин есапқа алып барады. өткерген сабағының барлық барысын жазып барады. Мысалы, сабақты шөлкемлестириў, үй тапсырмасын сораў, таза теманы өтиў, әмелий жумыс ислетиў, беккемлеў бойынша қандай кемшиликлер нелерден кетти, не себеп кеттиs екинши сабаққа ондай кемшилик жибергенлер қандай ҳәрекет қылады. Педагогикалық, методикалық жақтан мудамы бақлаў жүргизип барады. Бул муғаллимниң өзине-өзи жай эксперимент жасаўы болып табылады. қысқасы ҳәзирги мектеп өмиринде баслаўыш классларда енгизилип атырған жаңа реформа мийнет муғаллиминен сабақ өтиўдиң жаңа жолларын усыл ҳәм методларын қарастырыўды, саналы ҳәзирги заман талабына сай

сабақ бериўди ҳәм келешек ушын ҳәр тәреплеме тәрбиялап жетистириўди талап етеди.

5-лекция

Мийнет тәлиминде оқыўшылардың билимин, уқыплылық көнликпелерин рейтинг системасында бақлаў критериялары.

1. оқыўшылардың билимин ҳәм уқыплылықларын рейтинг системасындағы баҳалаўдағы мақсет.
2. рейтинг системасында бақлаўдың тийкарғы ўазыйпалары.
3. оқыўшылардың билимин бақлаў трлери ҳәм формалары.
4. оқыўшылардың баҳасын анықлаў тәртиби.
5. билимлерди баҳалаў дәрежелери.

1. Улыўма қағыйдалар.

1. оқыўшылардың билимин дәрежеси сыпатын баҳалаўдың рейтинг системасы, баҳалаўдың ҳәр қыйлы түрлери, усыллары ҳәм формаларынан пайдаланыў жолы менен улыўма орта тәлим мектеплерде қолланыўы шәрт.
2. Рейтинг системасын қолланыўдан мақсет оқыўшылардың өзлестириўи дәрежелерин тәриплестириўде ҳәм улыўма орта тәлим, мәмлекетлик тәлим стандарты (УОТМТС) талабалары менен салыстырыўға имканият жаратыўшы билим уқыплылық ҳәм көнликпелерин баркулла салыстырмалы ҳалда баҳалаўдан ибарат.
3. Рейнинг системасын қолланыўдан гөзленген тийкарғы ўазыйпалар %

-оқытыўшылар тәрепинен (УОТМТС) талаплардың орынланыўы ушын зәрүр болған шәрт-шараятын жаратыў.

-оқыўшы билим дәрежелери сыпатын баҳалаўда анықлыққа ерисиў.

-республиканың түрли орынларында мектеплердеги нәтийжелерин толықлаў ҳәмде салыстырыўға тәмийин етиў.

-оытыўдың жеке психологиялық өзине сәйкеслигин анықлаўға көмеклесиў.

-оқытыўшыларда мийнет тәлимин алыўға болған умтылыс ҳәм ықтяжды қәлиплестириў.

-оқытыўшыларды кәсипке бағдарлаўға, олардың келешекте академик лицей ямаса кәсип өнер колледжлерин таңлаўларына көмеклесиў.

Мийнет тәлимин бериўде оқыўшылардың билимлерин бақлаў түрлери ҳәм формалары төмендегилерден ибарат%

Q. Рейтинг системасында ҳәр бир оқыў пәни бойынша оқыўшылардың билимин сыпатын баҳалаў ушын төмендеги бақлаў түрлеринен пайдаланылады. Күнделикли бақлаў (КБ) аралық бақлаў (АБ) жуўмақлаўшы бақлаў (ЖБ).

КБ- бул оқытыўшы тәрепинен оқыўшылардың билимин сабақ барысында барқулла тексериў, сондай-ақ, жазба үй ўазыйпаларының оқыўшылардың мийнет сабағы даўамында әмелий шынығыўлар ислеген жумысларын методикалық талапқа сай тексериўден ибарат. КБ формасы мәжбүрий дизимге қосымша рәуиште оқытыўшының өзи таңлайды. КБ ның көп тарқалған формалары төмендегилер.

-оқыўматериалларының мазмунын өзлестириўи менен мийнет сабағының әмелий шынығыў ўақтында ислеген жумысларын бақлаў ҳәм тексериў.

-ықшам жазба кемирек муғдардағы тест тапсырмаларынан ибарат педагогикалық текстен пайдаланыў ҳәм басқалар.

Белгиленген баллар муғдарын топлаў ушын ҳәр бир оқыўшы КБ дың ҳәр бир басқышынан өтиўи шәрт. Олар ЖБ ны таңлаў ушын ҳәр бир сабаққа пухта таярланып әмелий жумысларды орынлап барыўы керек.

ЖБ оқыўшылардың билимин баҳалаўдан тысқары оқытыўшыны ҳәр бир оқыўшының оқыў жумыслары ҳаққындағы информация менен тәмийинлейди, бул тәлим процессиниң бағдарын өнимли басқарыў оқыў материалын өзлестириўи дәрежесине қарап оған зәрүрли дүзетиўлер киргизиў ҳәм айырым оқыўшылардың артта қалып атырғанына өз ўақтында итибарды қаратыў имканиятын береди.

КБ түрлеринен бири өз бетинше жеке тәртиптеги формалар (мыс, раферат, лекция жазыў, көрсетпели қураллар таярлаў ҳ.т.б.) ды орынлаў.

Өз ббетинши жумысларды орынлағаны ушын оқыў пәнине берилген максимал баллдың ХХХХ ажыратса жақсы болады.

Өз бетинше жумысларға оқыўшылардың пән алимпиадалары, викториналары, көрик таңлаўлары ҳ.т.б. қатнасықлары киреди. Бундай конкурслар оқыўшы ерискен призли орынлар оқыўшының рейтинг дәптершесинде мақтаў жумыслары менен белгиленген.

АБ дың мақсети- оқыўшылардың оқыў пәни бойынша мәлим бир бөлимин өзлестириўин тексериўден ибарат. АБ оқытыўшы тәрепинен сабақ таблицасы бойынша бир сабақ ўақтында аўызеки, жазба формада ямаса оқыў материалларының мазмунына байланыслы тест арқалы өткизиледи.

Бир күнде бир класста АБ тек еки оқыў пәни бойынша өткерилиўи мүмкин. АБ дың өткизилиўи ҳаққында оқыўшылар ең кеминде бир ҳәпте алдын ескертиледи.

Оқыў жылы даўамында халық тәлим басқарыў органлары (УОТМТС) талаплары тийкарында оқытыўшылар, методистлерди қатнастырыў ҳалда АБ дөгерегинде барлық пәнлер (ямаса таңланған ҳалда 3-4 оқыў пәни бойынша) сыртқы бақлаўды шөлкемлестиреди. Бундай бақлаўдың ўазыйпасы оқыўшылардың билим, уқыплық ҳәм көнликпелерин УОТ МТС талапларына сәйкеслигин тексериў ҳәм бақлаўдан ибарат.

Шерек даўамында КБ ҳәм АБ саны.

-Оқытыўшылардың оқыў пәни бойынша УОТ МТС белгиленген мәжбүрий билим, уқыплылық ҳәм көнликпелер муғдарына.

-оқыў режесинде оқыў пәнине ҳәптеде ажыратылған саатлар муғдарына.

-оқыўшылардың мийнет сабағы бойынша таңланған объектлердиң көлемине.

-оқыўшылардың психофиикалық өзгешеликлерине

-ҳәр бир оқыў пәнин бақлаўдың өзине сай формаларына байланысла.

Оқыў пәни бойынша мәжбүрий КБ ҳәм АБ лардың еө кем ҳәм жетерли болған саатлары ҳәм формалары рейтинг тест орайы қасындағы тийисли илимий методика кеңеси тәрепинен белгиленеди ҳәм оны Халық тәлими ўәзирлиги тастыйықлайды.

Пән оқытыўшысы рейтинг тест орайы тәрепинен белгиленген бақлаў жумыслары санына класстағы оқыўшылар саны ҳәм өзиниң методикалық усылына ийе. Бундай бақлаўлардың саны ҳаққында мектеп метод бирлеспелеринде ҳәм басшылар менен келисиледи.

ЖБ шереклик, жыллық ҳәм питкериўшилердиң мәмлекет атттестациясы сыяқлыларға бөлинеди.

Аўызеки бақлаў өткизип болып, оның нәтийжелери оқыўшыларға дағазаланыўы керек.

Жазба жумыслар ҳәм тест сынаўларынан баҳасы оқыўышлар тәрепинен бес күн ишинде тәлим өтиледи, оннан соң болса қәтелер үстинде бирликте исленеди.

Өткизилген жазба ҳәм тест формасындағы АБ материаллары оқытыўшы тәрепинен оқыў жылы даўамында, ЖБ мәмлекет аттестациясы болса, мектеп оқыў бөлиминде үш жыл даўамында сақланады.

Оқытыўшылардың баҳасын анықлаў тәртиби төмендегише избе-изликте болады.

1. Баҳалаў системасы.

-оқыўшылардың шерек даўамында өз оқыў пәнлери бойынша бақлаў баҳалаў жумысларының алдынан орнатылған муғдарды ҳәм составы арқалы қоятуғын басланғыш бақлаўлары

-оқыў пәнлери бойынша барлық басланғыш баҳаларды улыўмаластыратуғын шереклик баҳалары.

-оқыўшының барлық оқыў пәнлеринен алған баҳаларын улыўмаластыратуғын шеректеги рейтинг.

-оқыў пәни бойынша жыллық рейтинг.

-оқыўшының барлық пәнлер бойынша оқыў жылындағы рейтинги.

-9-класс ушын қосымша рәуиште питкериўшиниң мәмлекетлик аттестациясы нәтийжелери бойынша рейтинги.

Барлық оқыў пәнлери бойынша бақлаў критериялары улыўма орта тәлим, мәмлекетлик тәлим стандартлары (УОТ МТС) талапдары тийкарында белгиленеди.

Рейтинг системасында оқыўшыны өзлестириў нәтийжеси УОТ МТС талапларының толық көлемин тәмийинлеўши оқыў пәниниң максимал балынан келип шыққан жағдайда анықланады. Уот МТС талаплары дәрежесин тәмийинлеўши максимал балдан аўыў шегарасы 55 тен 100 Ө ке шекем етип белгиленген. Бундағы процент рейтинг системасында әдеттеги бақлаў бирикпелеринде балларда шәртли түрде қолланылады, яғный XXXXXXXXXXXX болған сәйкес келеди.

КБ ҳәм АБ дың шерек даўамындағы усыллары, форма ҳәм муғдары төмендегилерге байланыслы%

-мийнет пәни бойынша УОТ МТС тәрепинен орнатылған мәжбүрий билим, көнликпе ҳәм уқыплылықлар муғдары %

-оқыў дәрежесиндеги мийнет пәнине ажыратылған саатлар муғдары.

-класстағы оқыўшылар саны

-оқыўышының жас өзгешелиги физикалық жақтан шынығыўы.

-оқыў бағдарламасының үйренилип атырған билимлериниң муғдары.

Оқыў пәнининң максимал балы КБ, АБ, ЖБ баҳаларын жәмлеў арқалы анықланады.

$$Р_{МАК}=Р_{КБ}+Р_{ЖБ}$$

Оқыўшының оқыў пәнлери бойынша бир ямаса бир неше шереклер даўамындағы рейтинги фактин (РФ) ҳәм жуўмалаўшы рейтинг (РЖ) тийкарында анықланады.

Мийнет пәни бойынша максимал балл төмендегише

КБ-40 балл АБ-20балл ЖБ-40 балл

АБ ды ҳәптесине 1 саат 5 саатқа шекем болған оқыў пәнинен шерек даўамында 1-2 мәрте өткизиў керек.

Билимлерди баҳалаў дәрежелери.

| Баҳа дәрежелери<br>IV жүдә төмен | Жуўмақлаўшы<br>Рейтинг Ө | Баҳа көрсеткишлери |
|---|---|---|
| III Жоқары | 96-100 | үлгили |
| II Орта | I6-95 | үлгили |
| I Төмен | U1-85 | Жақсы |
| Пәс | T6-70 | қанаатландырарлы |
| | T5 ден кем | қанаатландырарсыз |

Мийнет пәни оқытыўшысы ҳәр бир сабақтағы оқыўшылардың ислеген жумысларын баҳалаў ушын 1 саатлық сабақтың болыўын билип алыў керек.

Q саатлық балл таўылғаннан соң соннан 5 лик, R лик, 3 лик, 2 лик баҳалардың балларын таўыўға болады ҳәм оқыўшылар баҳалайды.

КТ (1 саат ушын)=КТ (улыўма балл)

Q жыллық саатлар саны

R0 балл

Мысалы КТ (1 саат ушын) =---------- =0,59 балл

Y8 саат

Жуп саатлар болса 90 мин ушын

| | | | |
|---|---|---|---|
| A5а | 0,50 -0,59 | A5а | 1 - 1,08 |
| A4а | 0,42 - 0,49 | A4а | 0,84 - 0,98 |
| A3а | 0,33 - 0,41 | A3а | 0,66 - 0,82 |
| A2а | 0 - 0,32 | A2а | 0 - 0,64 |

W0 балл

AT=----------- = 10 балл

W рет

АТ = Q0 балл
АТ 2 = 10 балл

А5а 3,6 - 10
А4а 7,1 - 8,5
А3а 5,6 - 7,0
А2а 0 - 5,5

ЖТ = 40 балл
А5а 34,4 - 4,0
А4а 23,4 - 34,2
А3а 22,4 - 28,2
А2а 0 - 22,3

Оқыўшының 1 жыл ушын баҳаланыў критериясы 68 саат ушын
А5а 58,48 - 68
А4а 48,28 - 58,38
А3а 38,08 - 48,18
А2а 0 - 38

## Мийнет тәлими процессинде кәсип таңлаўға бағдарлаў

1. Мийнет сабағында алып барылатуғын кәсип таңлаўға бағдарлаў исиниң мазмуны ҳәм де ўазыйпалары
2. Кәсипке бағдарлаўдың форма ҳәм методлары
3. Кәсип таңлаў бойынша сораў ҳәм анкеталарын ддүзиў.

Кәсипке бағдарлаў дегенде биз жәмийет талапларына адамның жеке ийкемлиликлерин есапқа алған жағдайда, оқыўшыларға белгили бир кәсипти саналы түрде таңлаў, ҳәр қәнийгеликлер менен сабақ ўақтында таныстырыў, оларда кәсиплер бойынша қызығыўшылығын қәлиплестириў сыяқлы ҳәр түрли алып барылатуғын жумыслар системасына түсинемиз. Кәсип таңлаў оқыўшыларды кәсипке бағдарлаў мектептиң барлық педагоглар жәмәәти тәрепинен алып барылатуғын, иске асырылатуғын улыўма мектеп ўазыйпасы болып есапланады. Кәсип таңлаўға бағдарлаў жумысы ҳәр бир өтилетуғын мийнет оқыўы даўамында алып барылады. Биракта оның ўазыйпалары өзиниң түрли басқышларында өзгерип турады. Т-9 классларда бизиң республикамыздағы ҳәр қандай кәсиплер туўрасында мағлыўматлар береди. Оқыўшылар дерлик массалық кәсиплердиң барлығы менен танысады. Усы танысылған кәсиплердиң элементлери оқыўшылардың устаханалардағы жумыслары мамунын пайда етеди. Т-6-7 классларда кәсиплер туўрасында мағлыўмат бериў менен бир қатарда кәсипке таярлаў жумыслары да алып барлады. Бунын тийкарғы себеби 4 - класты питкериў даўамында оқыўшылар келеси мийнет таярлғының түрин сайлап алады. Устаханалардағы жумыслардың мазмуны менен избе-из байланыста болған кәсиплер болыўы, олардан ағаш ҳәм металл бойынша сондай-ақ оймашылық, мысгершилик, гүлалшылық миллий кәсиплери болыўы мүмкин. Келеси мийнет таярлығының тараўын дурыс таңлаған оқытыўшы кейин өзине сәйкес тараў дөгерегинде кәсиплерди таңлайды. Солай етип, мийнет тараўы таярлығын таңлаў оқыўшылардың өз қәлеўи менен болыўына итибар бериў керек. Буған қалай ерисиў мүмкинбуған жуўап бериў ушын дәслеп кәсип таңлаў еркинлигине қалайынша тсиниў зәрүрлигин анықлап алыў керек.

Кәсип таңлаў ҳуқықы Өзбекстан республикасы конституциясы тәрепинен гарантияланған. бирақ та усы берилген ҳуқықтан орны-орнында пайдаланыўды оқыўшыларға түсиндириў керек. Жәмийетимиздеги анаў ямаса мынаў кәсипке болған талап оның итибарына емес бәлки халық хожалығының структурасына қарап анықланады. Сонлықтанда жасларды халық хожалығы мүтәж кәсиплерге таярлаўымыз тийис. ҳәзирги өсип киятырған жас әўлад кәсип таңлаў ҳаққындағы мәселени өзиниң жеке басын ойлаған ҳалда емес жәмийеттиң талаплары менен бирликте иске асырыў керек. Оқыўшыларды жумысшы кәсиплердиң мазмуны менен анығырақ таныстырып жумысшы кәсиплерди елимизде қандай ҳүрмет ететуғынлығын олардың ҳәзирги ўақтында өзи ҳәм жәмийет ушын кееклигин жас өспиримлердиң санасына сиңдириў тийис. Кәсип таңлаў

жүдә қоспалы процесс болып көбинесе оқыўшылар оны өз бетинше \иске асыра алмайды. Бул мәселеде тийкарынан мектеп, мектеп жәмәәти жәрдем бериўи керек. Пән оқытыўшысы класс басшысы арнаўлы бет ажыратып оқыўшының анаў ямаса мынаў оқыў предметине қатнасы кәсипке болған қызығыўы оқыўдағы жетискенликлери жеке қәсийетлери, ийкемлиги туўрасында жазып барыўы тийис. Бул оқыўшының неге, қандай кәсипке қызығыўшылығын анықлаўға мүмкиншилик береди. Буның менен бир қатарда оқыўшының ден-саўлығы дәрежесиниң сол өзи таңлаған кәсибин билиўине сәйкес келеме яки келмейме ол туўрасында оқыўшылар менен жумыс алып барыў керек болады. буған кейин оқытыўшылар оқыўшының ата-анасы менен байланыс жасап, баласының неге уқыплы, қандай кәсипке қызығатуғынлықларын ата-анасынан усы кәсип туўрасында пикирин де билип барады.

Ксип таңлаўға бағдарлаў мәселеси мектеплердиң реал жағдайларын есапқа алыў республикамыздың түрли районларының ислеп шығарыў базасының бир түрли емеслиги есапқа алынады.

Солай етип, кәсип таңлаўға бағдарлаў жумысын республикамыздың анаў ямаса мынаў кәсипке болған мүтәжликлерин есапқа алған жағдайда алып барыў мүмкин. Оқыўшылардың ҳәр тәреплеме раўажланыўына олардың кәсиплерди дурыс таңлаўы аўыл-хожалығында мийнетке психологиялық әдеп-икрамлық ҳәм әмелий жақтан таяр болыўы ушын хызмет етеди. қәнийгеликке бағдарлаўдың алдына қойған мақсети оқыўшыларды оқытыўдың анық тапсырмаларын белгилеп, усы оқытыў процессинде керек болған мәселелерди%

1. Ҳәзирги заман өндириси, алдыңғы мийнеттиң мазмуны туўрасында әмелий техникалық процессти тезлетиў барысында өндиристиң раўажланыўының тийкарғы бағдарлары туўрасында политехникалық билим бериўди қәлиплестириў.

2. мектеп дөгерегиндеги кәрханалардағы колледжлерди өзине тән техника технологиялық өндирис процессиниң шөлкемлестирилиўи менен танысады.

3. Кәсипти улыўма классификациясы конкрет бир қаланың, районның, хожалықтың кәсиплерине кәсиплигин хызметин адамға болған талаплары менен таныстырыў.

4. Оқыўшылардың уқыплықларын анықлаў ҳәм раўажландырыў кәсип таңлаўдың жәмийет ушын баҳасы мотивлерин қәлиплестириў, өз кәсибин өзи белгилеўге тәрбиялаў.

Т. 7-9 классларда кәсиплик таярлықтың белгили тараўын таңлаўда ҳәм ислеўде оқыўшыларға жәрдем бериў.

6. республикасыздың кәсиплик билим бериў системасы ҳәм қәнийгеликти жетилистириў жоллары менен таныстырыў.

Мийнет адамды ҳәр бир инсанның жасаўы күн көриўи ҳәр тәреплеме раўажланыўы ушын зәрүрли шәрт болып, адамның уқыплықлары усы мийнет арқалы көринеди.

## Кәсипке бағдарлаўдың форма ҳәм методлары.

Мийнет сабағында билим ҳәр бир кәсиптиң барлық тәреплерин ашып көрсетиў менен байланыслы болған ҳәр қыйлы жумысларды алып барылады. Мийнет пәни оқыўшылардың алып барған жумысларның тәжирийбеси кәсип таңлаўға бағдарлаўдың форма ҳәм методларын белгилеп береди. Олар төменегилерден ибарат.

1. Сабақларда кәсип таңлаўға бағдарлаў оқытыўшы оқыўшыға устаханалардағы әмелий жумысларды орынланатуғын жумыслар менен байланыслы болған кәсиплер менен таныстырады. Оқыўшылар ағаштан, металлдан пайдаланып жумыс ислеў ўақтында ағаш устасына металл устасына байланыслы болған барлық кәсиплер туўрасында түсиник алады.

Олардың ағаш таярлаўшы, кесиўши столяр плотник слесарь сан-техника терминлерин ҳәм басқада бир қанша кәсиплер менен танысады.

Буннан басқа мысгершилик, гүлалшылық, оймашылық кәсиплери менен таныстырады.

2. Экскурцияларда кәсип таңлаўға бағдарлаў . Экскурция ўақтында оқыўшыларды оқыў бағдарламасы көлеминен сыртқа шығыўшы материаллар менен таныстырыўға қолайлы жағдайлар жаратады. Усы қолайлы жағдайларды оқыўшыларды кәсип таңлаўға бағдарлаўға пайдаланыў мүмкин.

Мысалы, оқыўшылар ағаш яки металды ислеў механикалық цехларына барғанда үскенелердиң бир қанша көп түрлерин көреди. Сонлықтанда оқыўшыларға сол үскенелерден ислеўши жумысшы кәсиплери ҳаққында сөйлепбериўге туўра келеди. Егер жумысшылардың өзлери өзиниң жумыслары таярлайтуғын өнимлери олардың қандай орынларда қолланылатуғынлықлары ҳақында сөйлеп

берсе, оқыўшылар бул кәсиплер ҳаққында көбирек түсиниклерге ийе болады.

Е. Дөгерек жумысларында кәсип таңлаўға бағдарлаў

Дөгерек жумысларында оқыўшыларды трли кәсиплер менен таныстырыўға көбирек мүмкиншиликлер иске асады. Егер оқытыўшы оқыўшының жумысшы кәсиплердиң биреўине ийкемлилигин сезсе, онда ол оқыўшы менен жумыс алып барып, оның билим уқыплықларын тереңлестириў, оған унайтуғын кәсипке қызығыўшылығын арттырыў зәрүр. дөгерек жумыслары 8-9 класларда мийнет оқыўының бағдарын таңлаўға бир қанша жәрдем береди.

4. Ислеп шығарыў алдыңғылары, сол мектепти питкерип онимли мийнет пенен шуғылланып атырғанлар менен ушырасыўлар өткизиў- мектепти питкерип санаатта  аўыл-хожалығында ислеп атырған мийнеталдыңғыларының ушырасыўларда шығып сөйлеўи оқыўшыларда үлкен тәсир қалдырады. Мийнет оқыўы ўақтында оқыўшылар танысатуғын кәсиплер жүдә көп. соның ушында өз кәсиби ҳаққында гүрриң ететуғын ислеп шығарыў алдыңғыларын шақырып, олардың өз кәсиби туўралы айтқан пикирлери үлкен тәсир етеди. Улыўма билимге ийе болмай ҳәзирги заман ислеп шығарыўының алдыңғы жумысшысы болыў мүмкин емеслигин оқыўшылар түсинип алады. Ислеп шығарыў алдыңғылары менен ушырасыў көбинесе салтанатлы кеўилли қызықлы өтеди. Мийнет алдыңғыларының алдында оқыўшылар шығып сойлеў жақсы оқыўға, ислеўге сөз береди. Бул ушырасыўлар тәрбиялық әҳмийетке ийе болады.

5. Ҳәр қыйлы мәдений массалық жумыслар алып барыў.

Кәсип таңлаўға бағдарлаў жумысының табыслы алып барылыўына жәрдем бериўши бир қанша мәдений массалық жумыслар мектеп тәжирийбесинен белгили.

Мысалы кәсип ҳаққында ким көбирек биледиs Кәсиплер дүньясында атлы журнал газета шығарыў. Кәсибим мениң мақтанышым. Кәсип таңлаўда жеке ҳәм жәмәәт пикири қусаған кешелер шөлкемлестириў кәсиплер туўрасында конференциялар өткериў қусаған жумыслар алып барыў мүмкин.

6. кәсиплерди тереңирек үйрениў. Оқытыўшы билим кәсиплер туўрасында жақсы көз-қарас пайда етиў ушын ҳәм де оқыўшылар менен жумыс алып барыўдан тысқары ол ямаса бул кәсипти жақсылап тынысыў тилеги бар оқыўшылар менен тереңирек жумыс алып барады. Оқыўшылар қызығыўшылығына қарап группаларға бирлестиреди. Оқыўшылар өз қоллары менен муейлер дүзеди. Кәсип туўрасында өз пикирлерин жазады, экскурцияға барады ҳ.т.б.

## Кәсип таңлаў бойынша ораў-жуўап анкеталарын дүзиў.

Ҳәзирги ўақытта оыўшылардың кәсип таңлаўға қызығыўшылығын билиў мақсетинде сораў-жуўап анкеталары дүзиледи.анкеталар тийкарынан класслардың төмендеги топарлары ушын дүзиледи. олар 1-4 классқа 6-7 классқа 8-9 классқа арнап дүзиледи.

1-4 классқа арнап дүзилген анкеталар оқыўшылардың өзине емес оның ата-аналарына ылайықластырылған болады. анкета тарқатыўдан алдын оқытыўшы ата-аналары менен келисилип таярлық жумысларын алып барады. Ата-аналар анкета үйде ямаса класста өз балаларының минез-қулқын, қызығыўын, ийкемлигин есапқа алып толтырады. Анкеталардың екинши түри 5-6 класслардың оқыўшыларына арналып оқыўшылардың өзлери толықтырып бунда қайсы пәнлер өзине жағады, қайсы дөгереклерге қандай жәмийетлик ислерди алып барады.

Бос ўақтында не менен шуғылланыўды жақсы көреди.кәсип туўрасында нелерди оқыйды, не ҳаққында оқыўды қәлейди, келешекте ким болмақшы, бул кәсип туўрасында ата-анасына айттыма, олар қандай кеңес берди қусаған сораўлар бериледи. 7-9 класларды жоқарыдағы сораўларды кеңейттирип қосып өзине унайтуғын кәсиплер туўралы нелерди билесең, сени қызықтыратуғын кәсип ҳаққында таярлық көриў ушын нелер ислеп атырсаң. Ата-аналарың қайсы кәсипти таңлаўға мәләҳәт берди. Олар өз кәсиплери менен таныстырдыма. Өзиңиз таңлаған кәсипте силеў ушын мектептен қандай жәрдемди күтесиз уқсаған сораўлар қойғанда оқыўшылар өзиниң пикирлерин билдирген. Сондай-ақ сиз белгили ксипти таңладыңызба. қанша ўақыттан бери усы қарарға келдиңиз. Не ушын усы кәсипти таңладыңыз. Оны таңлаўға не себеп болды. Ата-аналар оқытыўшы кеңеси ағымының тәсири дөгерек жумыслары, кинофильмлер, әдебиятлар, газета-журналлар, телвизорларда көргенлери. Таңлаған кәсибиңизден басқа қайсы кәсиплер унайды. Өзиңиз таңлаған кәсипти ийелеўге мүмкиншилигиң болмаса қайсы жерде оқыў ямаса ислеўди қәлейсиз. Сиз өзиңиз таңлаған ксибиңизге өзиңиздиң ден-саўлығыңыздың болыў-болмаўын ойладыңызба қусаған берип жуўмақ шығарыў керек.

## Оқыўшыларға қәнийгелик таңлаў бойынша берилетуғын кеңес.

Мийнет оқытыўшысы мектеп коллективи усындай сораў-жуўа анкетасын дүзип оқыўшылардың пикирлерин билип, олардың сол кәсип туўрасындағы ата-аналарының пикирлерин билип, олардың сол кәсип туўрасындағы ата-аналарының пикирлерин есапқа алып, олардың ден-саўлығының сол кәсипти таңлаўға боатуғынлығын ямаса

врачлар менен ойласып оқыўшыларға қайтадан жол-жобалар бериўи керек болады.

Мысалы, оқытыўшы болыў ушын жақсы иркилме сөйлей алыўы, тутлықпаўы қусаған қәсийетлери билип бағдар бериў керек. Егерде сондай деффектлер сезилсе, онда ата-аналар менен ойласып басқа кәсипти таңлаўға исендириў арқалы бағдарлаў тийис. Усындай алып барып қарағанда ҳәр бир жас мектепти питкергеннен кейин төмендегидей тәсир еткенин байқаўға болады.

Ата-аналардың тәсири 33d
Оқытыўшылардың тәсири 21d
Қәнийгелердиң тәсири 26 d
Жора-жодасларының тәсири 7,5 d

қалғанлары телевидениеде көргени, көркем фильмдеги қаҳарманы, оқыған әдебияты, газета, радио ҳ.т.б. тәсир еткени сезилген.

## Ә Д Е Б И Я Т Л А Р .

Q. Меҳнат таълими методикаси. Тхаржевский Ташкент-90

W. Воробьев, Каримов, Обидбаев. Меҳнат таълими назарияси ҳамда методикаси Ташкент-92

E. кәсиплер туўралы нени билесиз s

## Мийнет пәни оқытыўшысының оқыў жылына таярлығы

1. Мийнет пәни бойынша ҳәзирги ўақытта болып атырған билимлендириў тараўындағы өзгерислер ҳаққында.
2. Оқытыўшының оқыў жылына таярланыўы ушын оқыў бағдарламасын үйрениўи.

3. Бағдарлама хатына тийкарланып календарь-тематикалық жоба дүзиўи.

Республикамыз ғәрезсизликке ерискеннен кейин басқа тараўлар сыяқлы билимлендириў тараўында үлкен өзгерислер бола баслады.

Мәмлекетимиз сиясатының тийкары болған миллий қәлбимизди қәлиплестириў жумысларына үлкен итибар берилмекте. Бул жумысларды иске асырыўға халық билимлендириў тараўы тийкарғы орынлардағы миннети.

Өзбекстан республикасының Абилимлендириў ҳаққындағы нызамыа Миллий қәдириятлар таярлаў бағдарламасында жасларға билим бериў тәрбиялаўды өз ишине алып, онда республикамыздың орайын ат қосатуғын, оның келешегин түсинетуғын ҳәр тәреплеме раўажланған жетискен саналы еркин инсанды қәлиплестириў мақсетин гөзлейди деп көрсетилген.

Бул дерлик ҳәмме пән оқытыўшылары қатары мийнет оқытыўшысының да үлкен мийнети болып, бүгинги күнде оқыў тәрбия процессин шөлкемлестириў ҳәм иске асырыўға, оның нәтийжелигинарттырыўға халық педагогикасын алдыңғы жетискенликлерине сүйениў, оқыўшы жас өспирилерди мийнетке таярлаўға халық өнерментшилигин кең пайдаланыў мийнет пәни оқытыўшыларының алдында турған ең әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып есапланады. Мийнет тәлими оқытыўшысы мийнет тәлими сабақларына пухта таярланса, онда сабақтағы билим бериў ҳәм тәрбия процессин табыслы, кеўилдегидей иске асырыўы мүмкин. Оқытыўшының мийнет тәлими процессин таярлығын шәртли түрде басқышқа ол оқыў жылына таярлығы, оқыў дәўирине таярлығы, сабақларға таярлығы басқышларына бөлиў мүмкин. Усы сабақлардыфң өзинен-ақ көринип турыпты мийнет тәлим оқытыўшысының оқыў жылына таярлығы оқыў жобасын мийнет бағдарламасын ҳәмде тематикалық жобаны дүзиўге жақсы түсинген ҳалда дүзилип басланады.

Оқыў жобасы Халық билимлендириў ўәзирлиги тәрепинен шығарылған ҳәм тастыйықланған ҳүжжет болып, онда ҳәр бир класста өтилетуғын пәнлер (предметлер), ол пәнлер ҳәптесине неше сааттан өтиледи, оқыў жылының даўамында улыўма сол класста неше саат сабақ өтиў керек екенлигин көрсетиўши ҳүжжет болып есапланады.

ОҚЫЎ БАҒДАРЛАМАСЫ сол класста өтилетуғын ҳәр бир пән ушын арнаўлы ислеп шығылған, мийнет оқыўы бағдарламасы басқа пәнлердиң бағдарламасынан бир қанша парық қылады.

Мийнет тәлими бойынша оқыў бағдарламасы ҳәр бир класста усы пән бойынша оқыўшыларға қандай билим ҳәм укып-көнликпелеринен қураллandырыў керек екенлиги бул көнликпелерди бериў ушын қандай жумыс объектлерин таңлаў мүмкиншиликлерин, усы жумыс объектлерин орынлаўға қолланылатуғын материаллар, әсбап-үскенелер, техника-технологиялық мағлыўматлар, қәлеген оларды оқыўшыларға жеткерип бериўдиң избе-излтгт, соның менен бирге ҳәр бир бөлимди оқыўшыларға үйретиў ушын ажыратылған саатлары муғдары көрсетилген болып, онда халық билимлендириў ўәзирлиги тәрепинен тастыйықланған ҳүжжет болып есапланады. Мийнет пәни оқытыўшысы усы аталған мәмлекетлик ҳүжжетлер менен жақыннан саналы түрде танысып берилген класс оқыўшыларына улыўма мийнет пәнлери ҳәм әмелий көнликпелерди қайсы ийнет түрлери болыўына қандай көлемде қәлиплестириў лазымлығын анықлап алады.

Мийнет оқытыўшысы оқыў жылына таярланыўы ушын ең алдын усы аталған ҳүжжетлерди пән бойынша оқыў жобасын мийнет пәни бағдарламасын өз бетинше үйренип алыўдан баслайды.

Бағдарламаның түсиник хатын қайта қайта оқып оның менен жақсылап танысып алады.

Буннан кейин өзине беретуғын классқа бағдарламаның ишиндеги бөлимлерден мазмуны менен олар неше саатқа жобаластырылғанын, қандай жумыс объект ислеўге болатуғынлықлары менен танысады. Сондай-ақ мектеп устаханасының материаллық, техникалық базасының әсбап-үскенелериниң қандай дәрежеде екенлигин көзден өткерип, толық мағлыўматқа ийе болыўы тийис.

Сол бөлимлер бойынша қандай теориялық пәнлер бериў избе-излигин, онда қандай әмелий сабақларға қандай буйыртпаларды таярлаўға болатуғынлығын, таярлайтуғын буйымға сәйкес оларды таярлаў ушын керекли мағлыўматлар материаллардың жағдайын алдын-ала билип ойланған ҳалда жобаластырып алады. Усы айтылғанларды есапқа алып, мийнет пәни оқытыўшысы Амийнет пәни бағдарламасынана пайдаланып ҳәм бағдарламаны толық басшылыққа ала отырып өзи келешекте оқытатуғын класста жобаластырыўшы ҳүжжетлерди мийнет бойынша календарь-тематикалық жоба ҳәмде оқыў ислеп шығарыў дизимин дизип алады. Ол жылда пәнлер аралық баланыслар физика, химия, математика, сызыў ҳәм басқа предметлерден алған билимлеринен мийнет сабағында пайдаланыў ушын алдын ала мийнет тәлими оқытыўшысы басқа пән оқытыўшылары менен бирликте тәбийғый илимий пәнлердиң өз-ара

байланыс жобасын ислеп шығады. Оқыўшылар таярлаўы керек болған буйымлардың зәрүрий көрсетпе қураллары (плакат, схема, таблица, макет, моделлер) алдын ала таярлап қойылыўы керек.

Әсбап-үскенелердиң оқыўшылардың жумыс орны жумыс есапларынан техникалық жағдайы устахана жайынан техника қәўипсизлиги қәделерине жуўап бериўлери санитария-гигиена талапларын алдын ала тексерип шығады. Оқыўшы мийнет тәлими бағдарламасындағы темаларға алдын ала таярлық керек екен ҳәр бир теманың мақсети оның ўазыйпаларын белгилеп шығады.

Олар бойынша улыўма мийнет билимлери ҳәм көнликпелер мазмуны дәрежесин анықлайды. Оқыўшылар орынлаўы тийис болған әмелий жумыслардың дәрежели муғдары белгилеп алады. Мийнет пәни оқытыўшысы усылар менен толық танысып болғаннан кейин бул сабақ беретуғын классларға арнап Акалендарь-тематикалық жобаа сын дүзеди.

Бул жоба улыўма АОқыў жобасындаа оқыў бағдарламасы тийкарында жергиликли жағдайларды есапқа ала отырып оқытыўшы тәрепинен дүзиледи. усы дүзилген календарь-тематикалық жобан усы мектептеги бирлеспеси педагогикалық кеңес арқалы мектеп басшысы тәрепинен тастыйықланған календарь тематикалық жобада ҳәр бир баянаты қандай темалардағы ажыратыўы олар избе-изликте неше сааттан ҳәмде оқыў жылының қайсы сәнесинде оқтылыўы бул темаларды үйретиў ушын оқыйтуғын қайсы формасы ҳәм методы жәрдминде үйренилетуғын ҳәр бир теманы үйретиўде қандай жумыс ислеў кереклиги, материал есап. үскенелерден пайдаланыўы, техник ҳүжжетлер зәрүрлги алдынан көрсетиўши ҳүжжет болып, ҳәр бир класс ушын ярым жылға, бир жылға ылайықлап дүзиледи.

Сондай-ақ ҳәр бир классқа арнап устаханада исленетуғын дүзиўши оқыў жылы даўамында қандай жумысларға орынлай алатуғын мүмкиншилик алдын ала буларды орынлаўға теорияның ҳәм әмелияттың бир-бирине байланыслығын әмелге асырыў ҳәмде оларды қандай избе-изликте орынлаў керек екенлигин көрсетиўши мийнет тәлим оқытыўшысы жергиликли жағдайлар, келип түскен буйыртпалар оқыў бағдарламасында көрсетилген дизимин есапқа алған жағдайда календарь-тематик жобаға тийкарланып ислеп шығады. Олда мектеп директоры тәрепинен бекитиледи.

Оқыў бағдарламасында исленетуғын жумыслар дүзиўши ҳәм календарь-тематик жобаға тийкарланып ислеп шығады. Олда мектеп директоры тәрепинен бекитиледи.

Оқыў бағдарламасына исленетуғын жумыслар дүзиўши ҳәм календарь-тематика жоба оқыў жылының басында дүзиледи.

Булар менен бир қатарда мийнет тәлими саатларының тәбийғый циклдеги пәнлеринен баланыс графигинде дүзиледи. ҳәр тема мазмунын жаратыўда оның әҳмийети оқыўшылар тәрепинен терең тийкарланған ҳалда дүзиледи, ўақыттан пайдаланып теориялық билимлерди әмелде қолланыў мүмкиншиликлерин жартыў, олардың политехникалық түсиниклерин кеңейттириў мақсетинде дүзиледи.

Оқытыўшы қандай дәрежеде оқыў жылына таярланса оқыўдың сапасы жақсы, оқыўшылардың алған билимлери тыянақлы болады. сондай-ақ оқытыўшының жумысларының нәтийжесиниң тийкары болып қалады.

## Ә Д Е Б И Я Т Л А Р .

1. А. Даўлетов, А. Воробьев, Каримов Амеҳнат ва касб талъими назарияси ҳамда методикасиа Ташкент Уқитувчи 1992 й
2. Тхоржевский Амеҳнат таълими методикасиа Т. 1990 й

# ҚАҒАЗ ҲӘМ КАРТОН МЕНЕН ИСЛЕСИЎ ТЕХНИКАСЫ

Қағаз бенен картон балалар менен шынығыўлар өткериўде ең көп исленетуғын материаллар болып есапланады. Олардан түрли оқыўда пайдаланатуғын қураллар және де олардан басқа да жумысларда пайдаланылады.

Қағаз ҳәм картон менен балалар шынығыўының дәслепки басқышында ислеў жумыстың аңсат пайда етиў, буйымлар ислеў ҳәм онда қолланылатуғын жумыс усылларын әсте-ақырын қыйынластырып, мийнетке болған қызығыўшылығын үзликсиз арттырып барыў мүмкиншилигин береди ҳәм жумыстың арзан-қымбатын айыра алады. Бүклеў жолы менен буйымларды ислеўде ҳәр бир бүкленген жери қырлы болып көринип турыўы, балалардың нәзик қолы менен ҳәм мускуллары жақсы өсиўи ушын тегис қағазлардан пайдаланыўға кеңес бериледи.

Қағаз ҳәм картонды бүгиў ҳәм бүклеў.

Қағаз бетлерин бклеўде ең әўел оны бүгиў ҳәм бүклеў сызығы туўры оқыўшылардың өзлери қолланатуғын буйымлардың ҳәм ойыншықларды таярлаўда төмендеги әсбаплар керек болады.

жақсы таярланған ҳәм қыйып атырғанда қағазлардың шетлерин түтелендиретуғын тигиўшилик ямаса канцелярия қайшысы, ушлы пышақ, картон ҳәм кәсипшилик пышағы, қағазлар бүклемин қыйыў ушын пышақлар тек ғана үлкен жастағы адамлар пайдаланыўы мүмкин. қатты ҳәм жумсақ қәлемлер.

қағаз ҳәм картонларды 50х36 пышақ пенен кесиўде тахтадан ямаса фанер пайдаланыў мақсетке муўапық келеди. Балалар аңсат ғана таярланатуғын ун желимлерин пайдаланғаны мақул болады. оларға суйық канцелярия желимлеринен пайдаланыўға рухсат етилмейди. Баслаўыш классларда оқыў қуралларын ислеўде ақ реңли картон ямаса боялған қағаз, картон бөлеклери ҳәм ҳәр қыйлы ишиндеги нәрселери таўсылған қутышалар тийкарғы материал болып табылады. Оларды безеўде реңли қағазлардың қыйындыларынан ҳәм бояўда ашық түстеги гуашь ямаса акварель бояўларынан пайдаланыў керек.

## Баслаўыш класслардағы мийнет сабағында оқыў қуралларын ислеўди үйретиў.

Баслаўыш класс оқыўшылары менен ислесиўде ҳәр бир жумыстың орынланыўы аңсат ямаса қыйынлығын, қайсы әдистен жемисли ислеўдиң нәтийжелилигин ойлаў ҳәм тексерип көриў, бүклеў ҳәм желимлеў ҳ.т.б. бойынша шынығыўлар өткериўи лазым. Балалар қурыў, соғыў процесслеринде сыныўшы элементлери менен де

танысады. Мысалы, 6-7 жастағы балалар кесиў, бүклеў, желимлеў усаған шәртли белгилер бойынша қурыў-соғыў жумыслары менен шуғылланады ҳәм оларда конструкторлық талант, эстетикалық ҳәм көркем өнер сезими, яғный жумысты шырайлы ҳәмде қызықтыратуғын етип дүзетиў тәжирийбеси түрленеди. Балалар жеке сийрек емес, коллектив түрде тәртипли рәўиште ислесе олардың мийнети жемисли болады. Балаларға ҳәр қыйлы әсбаплар менен ислесиўден алдын техникалық қәўипсиз ис қағыйдаларын түсиндириў керек. Буйым ҳәм ойыншықлар таярлаў ушын жумсалатуғын материаллар ҳәм әсбаплар ҳаққында мағлыўматлар.

## МИЙНЕТ САБАҒЫНАН КЛАССТАН ТЫС ЖУМЫСЛАР.

### Класстан тыс жумыслардың мазмуны, ўазыйпалары ҳәм оны шөлкемлестириў.

Мийнет сабағынан класстан тыс жумыслар оқыўшының өз қәлеўи менен болып, оның мазмуны оқыўшылардың жеке техникалық қызығыўшылығына жуўап беретуғындай болыўы керек. Класстан тыс жумыслар оқытыўшыға оқыўшылардың техникалық уқыплылығын онда илимге ҳәм техникаға мүмкиншилик береди. Класстан тыс жумысларды шөлкемлестириўде оқытыўшы төмендегидей принциплерди сақлаўы керек.

1. Оқыўшылардың жеке уқыплықларын есапқа алып саақтың мазмуны методы ықтыярлы болыў, ол тәрбиялық бағдарда не болыўы керек.

2. Класстан тыс жумыслар массалық характерге ийе болып, оған класстың көпшилик бөлегин қамтыўға ерисиў керек.

3. Балалардың өз бетинше техникалық инициативасын есапқа алыў.

4. Класстан тыс жумысларда орынланған жумыслардың ҳәммеси дерлик жәмийетлик пайдалы характерге бағдарланған болыўы.

5. Оқыўшыларды тиккелей өндирис пенен таыстырыў.

Класстан тыс жумыслардың мазмунына қағаздан, картоннан, гезлемеден ҳәр қыйлы материаллардан затлар ислеў, бул жумыслар бурынғы класста исленгенлерди қайталамаўы керек.

Класстан тыс жумыслардың мазмунын таңлаўды практика көрсетеди, қағаздан картоннан гезлемеден ҳәр қыйлы материалларды төмендеги затларды ислеў көрсетип өтеди.

Қағаз бенен картоннан.

1. Картинасы менен көрсетилген ҳәриплер.

2.Қағаздан маскалар.
3.Самал§ттың модели.
4.Жыл мәсими панарамасы ҳәм тағы басқа затлар.

Гезлемелерден.

1.Қуўыршақ театры ушын кастюмлар.
2.Бос ойыншықлар.

Ҳәр қыйлы материаллардан

1.Мәйек қабыршығынан ойыншықлар.
2.Ағаштан ҳәр қыйлы ойыншықлар.
3.Ағашқа гравюра ислеў.
4.Электро векторина.
5.Светафор макетлери.
6.Машина модели.

Классстан тыс жумыслардың мектепте өткериўде төмендеги шөлкемлестириў формалары қолланылады.

1.Оқытыўшылардың берген тапсырмасы бойынша индивидуаль жумыслар.
2. Кружок ҳәм узайтылған кунлер группасындағы жумыслар.
3. Класстан тыс жумыстың массалық формасы.

Класстан тыс жумысларды планластырыўда муғаллимлер коллективиниң искерлик жағдайын ҳәр бир оқытыўшылық ийкемлилигин есапқа алған жағдайда ҳәм ҳәр бир оқытыўшылық ийкемлилигин есапқа алған жағдайда иске асырыў керек. Бунда бир оқытыўшы өз жуўапкершилигине индивидуаль класстан тыс жумысты өткериўге екинши бир оқытыўшы кружок жумыслары ушинши оқытыўшы узайтылған кун группасында төртинши класстан тыс жумыстың массалық формасын шөлкемлестириўдиң өз мойнына алады.

Улыўма мектеп планында сабақты класстан тыс жумыслардың улыўма мазмуны сабақты материаллар менен тәмийинлеў инструментлер. График ҳәм расписаниелер алдын ала ислениледи.

Оқыўшылардың индивидуаль жумысы оқытыўшының арнаўлы планы бойынша иске асырылады. Айырым оқыўшылар бундай жумыс процессин өз бетинше көргизбели қураллар ҳәм техникалық объектлерде ислейди.

Жумыс ислеўдиң басында оқытыўшы кирисиў, гүрриңлесиў өткереди, ондағы тийкарғы мақсет мийнет тапсырмасын орынлаўға оқыўшыларды таярлаўдан ибарат. Соңынан балалар ислейтуғын жумысының проектин ислейди, қандай материаллар қандай инструментлер кереклигин белгилейди. Индивидуаль ислеў ушын

объекти сондай етип таңлап алыў керек оқыўшы өз бетинше оқытыўшының көмегисиз ислеўи керек. Индивидуаль жумыстағы исленген буйым сабақ процессинде үйренилген өзи ислеп көрген материаллардан ислениўи керек.

Бир қанша өз бетинше исленген буйымларды үйинде практикалық жумысларды орынлаў ушын қолланылады. сондай-ақ мысалы, бүклемели методты ислеген болса, оқыўшы оқытыўшының тапсырмасы бойынша жадың узынлығын енин өлшейди. Соның менен бирге оқыўшылар күши менен исленген көргизбели қураллар үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болады. Есаплаў материаллары, таблицалар, техникалық моделлер, ойыншықлар ҳ.т.б.

Индивидуаль жумыс кружок жумысларының басланғыш басқышы болып, келешекте индивидуаль тапсырмаларды жақсы орынлаған оқыўшылар кружок жумысларына тартылып, оның актив ағзалары болады. баслаўыш классларда кружок жумыслары кең тарқалып, онда ойыншықлар таярлаў, көргизбели қураллар таярлаў, техникалық моделлер ислейди.

## МЕТОДИКАЛЫҚ КӨРСЕТПЕЛЕР.

Қағаз, картоннан, гелеме, тәбийғый ҳәм қалдық материаллардан ҳәр қыйлы буйымлар, ойыншықлар жасаў, мектепке шекемги жастағы балалардың мийнет тәрбясының тийкарғы бөлимлери усылардан ибарат. қолланбадағы материаллар төмендеги 4 бөлимнен ибарат.

1-бөлим. -жуқа қағаздан бүклеў жолы менен буғымларды ислеў.

2-бөлим. -қалың қағаздан ямаса картоннан қайшы ямаса желим жәрдеминде буйымлар ислеў.

3-бөлим. -5-7 жастағы балалардың қол мийнети

а) ҳәр қыйлы қағазлар менен ислсиў техникасы

б) ҳәр қыйлы қағазлар менен картоннан буйымлар ислеў

в) тәбийий ҳәм қалдық материаллардан ойыншықлар таярлаў.

4-бөлим. -гезлемелер менен ислесиў техникасы.

Қол өнери %

а) балалар менен силесиўде қолланылатуғын тигистиң түрлери

б) сәдеп ҳәм түймелер тағыў

в) гезлеме бөлеклеринен аппликация жасаў

г) қуўыршақ ушын кийимлер (фратук, түнги көйлек, үлги қыйыў, дөгерегин сызыў, пишиў, бөлеклерин бириктириў).

Балалар менен ислесиўде ҳәр бир жумыстың орынланыўы аңсат ямаса қыйынлығын, қайсы әдистен жемисли ислеўдиң нәтийжелигин

ойлаў ҳәм тексерип көриў, бүклеў ҳәм желимлеў п.б. бойынша шынығыўлар өткериў лазым. Балалар қурыў, соғыў процесслеринже сызыўшылық элементлери менен де танысады. Мысалы, 6-7 жастағы балалар кесиў, бүклеў, желимлеў усаған шәртли белгилер бойынша қурыў-соғыў жумыслары менен шуғылланыўда конструкторлық талант, эстетикалық ҳәм көркем-өнер сезими, яғный жумысты шырайлы ҳәм де қызықтыратуғын етип дүзетиў тәжирийбеси түрленеди. Балалар жеке сийрек емес, бәлки тәртипли рәўиште ислесе, олардың мийнети жемисли болады. балаларға ҳәр қыйлы әсбапты берместен бурын оларға қәўипсизликтиң техникасын түсиндириў керек.

## Ойыншықлар ушын жумсалатуғын материаллар ҳәм әсбаплар ҳаққында мағлыўматлар.

Ойнайтуғын ойыншықларды таярлаўда төмендеги әсбаплар керек болады%

Жақсы шарланған ҳәм қыйып атырғанда қағазлардың шетин түтелендирмейтуғын тигиўшилик ямаса канцелярия қайшысы, ушлы пышақ, картон ҳәм кәсипшилик пышақлар тек ғана үлкен жастағы адамлар пайдаланыўы мүмкин% қатты үлгилердиң қыр дөгерегине сызыў ушын ҳәм жумсақ (шарланған сызылмалар ушын) қәлемлер.

Қағаз ҳәм картонларды пышақ пенен кесиўде 50х30 см фанер ямаса тахтадан пайдаланыў мақсетке муўапық келеди. Балалар аңсат ғана таярланатуғын ун желими пайдаланғаны мақул болады. оларға суйық канцелярия желиминен пайдаланыўға рухсат етилмейди.

Ойыншықлар ислеў ушын ақ реңли ямаса боялған қағазлардың қыйындыларынан ҳәм бояўда ашық түстеги гуашь ямаса акварель бояўларынан пайдаланыў керек.

## АРНАЎЛА МАҚСЕТЛЕР УШЫН ҚАҒАЗЛАР ТАЯРЛАЎ

Қағазды мраморларға уқсатып бояў% оның ушын 2 түрли реңдеги майлы бояўдың лампамай менен өз алдына бөлек еритип қаймақтың қойыўлығындай араласпа алынады. Кейин оларды тайпақ ыдыс ишиндеги суўға жаслап алынады, және бояўлар қосылып, суў үстиндеги мраморға уқсаған бир тегис қатлам пайда болғанша әсте ақырын алынады. Басқа қағазларда усылайынша бирим-бирим боялады ҳәм оларжың көриниси ҳәр қыйлы болып шығады. Қағазлар кепкеннен кейин олардың жзине реңли спиртли лак жағылады.

## ҚАҒАЗДЫ КЛЕЙЛЕР МЕНЕН БОЯЎ.

Бунда крахмал желимин қайнатылған суўда еритилген белгили бир бояў мысалы, гуашь ямаса акварель бояўы қосылады. Пайда болған араласпа қағазға жазылады. Соңынан оның үстинен картон ямаса резина таяқша ҳәр тәрепке жүргизиледи. Сонда таяқшаның тислери клей ст-де жол-жол ҳәм нағысқа усаған көринис пада болады. таяқша орнына тығын ямаса резинкадан исленген штамптан пайдаланыў да мүмкин. Онда штамп пенен қағазға басып шығылады. Қанар, тигилетуғын кенеп ямаса басқа бир жуўан сабақтан тоқылған гезлемелерден сийле уқсаған көринистеги оралған жгутты қағаз үстине жүритиў менен де оригинал нағыс пайда болыўы мүмкин. Түрли бояўларды әне усындай усыллар менен бояў тарақта, ғулада, жгутта, нағыслаў қурылыс жумысларында қолланылады. Клейстр менен боялған қағазды жылтыратыў ушын кепкеннен кейин ҳөлленген жүберек пенен ысылады, ямаса спиртли лак сүртиледи.

## БҮРКИП БОЯЎ.

Бунда суйық бояў қағаз бетине пульверизаторда бүркеледи, ямаса қыллы щеткада силкип боялады. қағаздан азырақ узағырақта услап қыллары шөп пенен бир тәреплеме тез-тез силкиў арқалы бояў қағазға шашырап майда-майда тмшылар түседи.

Бүркип бояўда көбинше қағаздан кесилген трафаретлерден пайдаланылады. Бунда бояў қағаздаң тек ғана трафарет бекитилмеген жерлерине тийеди. Усы усылда туўры трафарет пенен ашық фонда гүлли формалар ҳәм сыртқы трафарет пенен гүлли фонда ашық формалар пайда етиледи.

## АНИМИН БОЯЎЛАР МЕНЕН БОЯЎ.

Бул усылда папирос қағазы гүллер ислеў ушын бояў мүмкин. Жип гезлемелерди бояўда пайдаланылатуғын бояўлар ванналарда еритиледи ҳәм қағаз сол ваннаға батырып алынады.

## ТЫНЫҚ ҚАҒАЗЛАР ТАЯРЛАЎ.

Бунда жуқа қағаз бенен белгили бир өсимлик майы сиңдириледи. Артық майды жоқ етип жибермеў ушын қағазды еки бүклеп, таза қағаз арасына қойып, оның үстине ыссы дасмал қойылады. Усы жол менен таярланған қағаз өзиниң түрине қарап жуқа калькадан болады. айырым буйымларды ислеў ушын ең жақсы материал болып есапланады.

## ҚАҒАЗ ҲӘМ КАРТОННАН ИСЛЕЎ ТЕХНИКАСЫ.

Қағаз ҳәм картоннан балалар менен шынығыўлар өткериўде ең көп исленетуғын материаллар болып есапланады. Олардан түрли ойыншықлар таярлаўда және олардан басқа да жумысларда пайдаланылады.

Қағаз ҳәм картон менен балалар шынығыўының дәслепки басқшында ислеў жумысын аңсат пайда етиў, буйымлар ислеў ҳәм онда қолланылатуғын жумыс усылларын әсте-ақырын қыйынластырып, мийнетке болған қызығыўшылығын үзликсиз арттырып барыў мүмкиншилигин береди ҳәм жумыстың арзан қымбатын айыра алады.